ЦIИЯЛ ХАРБАЛ



**Районалда кIудияб субботник тIобитIана**

Стр. 2

ИСЛАМ

**Лъимал ва улбул**



Стр. 3


# ЛЪАРАТIА

ЛъаратIа районалъул газета

**№ 5 * март 2017 с.** **Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ.** **Багьа 10 гъ.**


# Огь руччабал, руччабал!

*ЛъаратIа микьабилеб март кIодо гьабуна*




**Районалда тIобитIана микьабилеб март кIодо гьабиялъул концерт. ЛъаратIа культурияб рукъалда дандельана районалъул жамагIат ва хIакимзаби. Руччабазда байрам баркизе цере рахъана цо-цо кIалъазе махшел бугел гIадал бихьинал.**

Микьабилеб марталда ЛъаратIа культурияб рукъалъул кIудияб залалда тIобитIана руччабазул къо кIодо гьабиялъул тадбир. Гьениб гIахьаллъи гьабуна росабазул жамагIатаз, руччабаз, бихьиназ, чIахIияз ва гIисиназ. Щибаб соналъ кIодо гьабула районалда руччабазул къо ва хинал, берцинал рагIабаздалъун байбихьула праздникалъул концерт, районалъул жамагIаталъе хасиятаб, аваданаб ва разияб шавкъгун. Залалда ракIарана гIемерал гIадамал. Сабур хун ралагьун чIун рукIана кидадай микрофонгун цеве вахъила республикаялъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан ГIабдула ГIабдулаев. Гьес гIемер ралагьун чIезаричIо ва кватIичIого баркиялъул каламгун цеве вахъана. Къокъаб кIалъаялдаса хадуб гьес рагIи кьуна районалъул культураялъул цевехъан ГIубайдула ИсмагIиловасе. ГIубайдулагьица тIоцебе тIолабго районалъул культураялъул ва ЛъаратIа администрациялъул рахъалдаса баркана руччабазда тIаде щвараб праздник.

« Гьале тIаде щвана кидаго нилъ урхъараб, кидаго нилъ балагьун чIараб их, байбихьиги буго гьелъул цо жиндирго хасаб берцинлъи гьорлъ бугеб, руччабазул къоялдаса байбихьулеб. РакI-ракIалъ баркулеб буго тIолалго районалъул руччабазда 8 март! Инсан ракьалда вижаралдаса нахъе чIужугIаданалъул буго аслияб магIна ракьалда тIад. Щибав бихьинчияс гьабизе ккола чIужугIаданалъул къимат. ЧIужугIаданалда бихьинчи гьечIеб ва бихьинчиясда чIужугIадан гьечIеб къо бихьугеги. Биччанте кидаго нуж роххизаризе нужерго лъималаз ва росас. Баркала буго нужеца гьабулеб кIудияб ва къиматаб хIалтIухъ ва кIвар кьеялъухъ».

Руччабазда праздник баркизе цере рахъана чамалиго чи. Гьира бугевщинав чи цеве виччалев вукIана. КIалъазе цеве вахъаразул цояв, лъай кьеялъул идараялъул хIалтIухъан, ИсмагIил Мустафаевас гьадин абуна:

«Хириял руччаби, ракI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щвараб микьабилеб март. Гьарула нужое сахлъи ва талихIаб гIумру. Инсанасул гIумру гьадинго къокъаб буго, нужее ТIадегIанас кьурал къоял талихI бугеллъун ратайги! Гьаб тIоцебесеб ихдалил праздник дие хас гьабун баркизе бокьун буго нилъерго руччабал-ветераназда. Рагъул ва захIматалъул ветераназда, гьединго рагъдаса росалги русичIого хутIарал руччабазда. Нилъеца хасаб хIурмат гьабизе ккола гьезул. Баркула цоги нухалъ».

Гьединго праздник баркизе цеве вахъана бищунго руччабал хирияв ва руччабазе жив хирияв ЛъаратIа больницаялъул бетIерав врач Асадула Юсупов. КидагогIадин гьесул кIалъай букIана бищунго гвангъараб ва ракIалда чIезе бигьаяб.

«Хириял руччаби, гьаб берцинаб ихдалил къоялъ дица нужее гьарула тIоцебе рохел, ракълилаб гIумруцеу икьбал. Нужее гIоло ракьалда роцIуна рищунго захIматал ва кIвар бугел суалал, гьарула нужее гIоло киналгIаги гьунарал, таваккалал ишал. Ракьалда гIумру буго нуж сабаблъун ва нужее гIоло. Бихьинчи кидаго загIипав вуго чIужугIадан камураб къоялъ. ЧIужугIадан ккола захIматалъул хIуби. Нужер гъуждузда баччулеб буго дуниялалда кинабго. Нуж киса кирего ратула нижеда гIумруялъул сухъмахънухазда. Рокьорги хIалтIудаги нуж кидаго ниже хIажатал ва хIалай ратарал руго. Руччабазул тIабигIияб гIакълуялъги, бичIчIиялъги, сабуралъги гIумруялде рахинарула киналго захIмалъабиги кIвар бугел суалалги. Нужер лъалкI буго киса-кибего, нуж руго мугIалимзабиги, тохтуралги, росдал захIматчIуялги, рокьалъул тIалаб-агъаз гьабулелги. Дица гьарула нужее роххелги, къохIехьейги ва талихIаб гIумруги. Биччанте кидаго нуж къадру-къимат бугел бихьиназ сверун кквезе.

Гьединал хинал рагIабаз тIоритIана киналго праздникалъул концерталде. Гьенир гIодол чIаразе аваданлъи рещтIизабуна ЛъаратIа культурияб рукъалъул хIалтIухъабаз кочIодалъун ва батIи-батIиял къурдияздалъун. Гьединго жидерго гьунараз халкъ хIикмат гьабуна ЛъаратIа ДШИялъул гIисинал лъималаз. Гьединаб лъугьана исана микьабилеб март кIодо гьабиялъул къо. Баркула цойги нухалъ руччабазда кIудияб праздник. «Нуж гьечIони гьечIо ниж» абурал цо кIочIол мухъал руго гIемер кочIохъабаз ахIулел. Гьеб мисал буго кидаго чIужугIаданалъул гIумруялда жаниб.

**Расул АБАКАРОВ**





# ЖамагIат разияв цевехъан

**ЛъаратIа районалъул чIахIиял росабазул цояб ккола Къардиб ва Гъиндиб росу. КIиябго росулъ кинабниги буго 225 цIараки, халкъин абуни 945 гIадан. Гьенив кIиабилебги нухалъ бегавуллъун вищун вуго Расулулагь Юсупов.**



Росдал гIумру-яшавалъеги гIадамазул рукIа-рахъиналъеги лъикIав гIемерал хIалтIаби гьарулев чи вуго гьев. Гьесул хIаракатчилъиялда росужамагIат кидаго рази буго. Бихьулеб буго гьесул хIалтIул хIасилги. ЗахIматаб хIалтIиги буго гьесул, гьеб гьечIого гIоларо росу-жамагIат бокьун хIалтIуде варав чиясе. ХIалтIулев чи кидаго захIмалъабигун дандчIвала.

Щолел харжазеги жиндирго хасал мурадал тIуразе вачIарав чиясул хIалтIи щвалде щвараб букIунаро. Гьединав чиясул хIалтIи галадула, жамагIатги беццаб гьечIолъидал, гьездаги бугеб ахIвал-хIал бихьула. ТIоцебесеб иргаялда гьесда бихьула ва кIвар кьола нухазде, росулъ гIураб лъим чIезабиялде, токалъул ругел квал-квалал лъугIизаризе. Росулъ кIудияб къварилъи букIана гьекъолеб лъим, токалъул трансформаторалъул къуват гIоларого, 1970 абилеб соналъ бачараб токалъул хIубал хисизе ккей. Гьале бачана 5км манзилалда кIиябго росулъе лъим, Нухъакт кIкIалахъа гъоркье рогIралги лъун. Гьаруна ункъо батIияб бакIалда иццал, къулгIаби. Хисулел руго токалъул хIубал, хадуб кинабгIаги квал-квал букIунаредухъ. Школазул, росулъ ругел социалиял идарабазулгун буго лъикIаб бухьен, гьабулеб буго хIажатаб кумек. Школазда тIоритIулел тадбиразда кидаго гIахьаллъи гьабула, спорталъул ва лъай кьеялъул рахъалъ кIиябго школа кидаго церетIуразда гьоркьор руго. КIудияб ВатIанияб рагъда гIахьаллъи гьабуна нижер росабалъа гIемерал чагIаз, гьезул ращдал тIад руссинчIо. Буго гьезие бараб мустахIикъаб памятник. Росдал жамгIиял ишазулъги, хеpазул советазулги, мажгиталъубги лъикIаб гIахьаллъи букIуна. Ригь арал гIадамазул тIалаб-агъаз гьабула, хIажалъаби тIурала. Гьанже бан лъугIулеб буго Къардиб росулъ лъабго тIалаялъул мажгит, гьелъ кIвар кьолеб буго рухIияб тарбия кьезе. Иман бугев чиясул ияхIги букIуна, ияхI бугев чияс киданиги хIалихьатаб мекъаб жоги гьабуларо. Гьединазул цояв вуго нижер росдал бегавулги. Росдал дибирасулгун рекъон гьабула хIалтIиги, нижер росабалъ рукIунаро гIадлу-низам хвезабулел, гьекъолел ва мехтулел чагIи. Гьабулеб ишалъе квегIенлъиялъе, хвел-хобалъул, ригьин-цIаялъул ва цогидал суалал тIураялъекиналго шартIал тIуран руго. ГIатIиракьалде гочунезул къадар дагьлъун буго. Росулъ шартIал чIезариялъул гIаламат буго гьеб. ЛъикIаб школа ва спорзал буго кIиябго росулъ, спорталъул рахъалъ нижер росулъа гIолохъабаз рихьизарула лъикIал хIасилал. Гьединго буго ясли-ах, фельдшеразулгун акушеразул пункт, культурияб рукъ. Дармида ва бича-хисиялда тIад руго гIезегIан чагIи. Жеги гIемер хъваялъул магIна кколаро, кинабго бугин абун, гьабизе хIалтIиги жеги гIемер буго. ИншаАллагь, гьелги гIумруялде рахизаризе хьул буго. ГIолохъанав вугониги Расулулагьица жиндир кинабго къуватги жанги росдал хIажалъабазде буссинабулеб буго. Нижер кIиябго росдал жамагIат гьесдаса кутакалда разияб буго. ЖамагIаталъ гьесие загьир гьабулеб буго ракI-ракIалъулаб баркала ва гьарула гIолохъанав бегавуласе сахлъигун хIалтIулъ таваккал ва къохIехьей.

**ЖамагIаталъул рахъалдасан**
**МухIамад-хIажи**
**ГIАБДУЛМАЖИДОВ**

# Кутлаб росулъе сапар



**Марталъул 13 къоялъ районалъул хIакимзабаз сапар бухьана Кутлаб росулъе. Районалъул нухмалъиялъ гьоркьо-гьоркьол къокъуна росабалъе щвезе, жамагIаталъулгун дандчIвай гьабизе.**

Щиб бугеб гьениб ахIвал-хIал, кинал гIунгутIаби, суалал ва масъалаби ругел хал-шал гьабизе.. Кутлаб росу районалдаса рикIкIад гьечIониги руго гьенир гIезегIан гIунгутIаби ва нухмалъиялъ кIвар буссинабизе ккolел гIезегIан суалал. Масала, гьениб Совет хIукумат бихxаралдаса нахъе цIигьабичIо щибниги жо. Школа, ясли-ах, мажгит , администрациялъул здания ва медициналъул пункт буго цебегоялдаса нахъе кверхъвачIого тарал. Росдал культурияб рукъ ва школа абуни араб гIасруялъул 50-60 абилел соназдаса нахъе ганчIида тIад гамачI лъечIого, херлъун щущан унел руго.

Гьеб къоялъ Кутлаб росулъе щвана районалъул бетIерасул заместитель Мадина Саидова, росабазул беговулазул куратор Ибрагьим ГIабдурахIманав, гIумруялде рахинчIеб гIелалъул суалазул инспектор ШагIбан ШагIбанов ва гь.ц. Росдал жамагIаталдасан тIоцере суалал щвезе щвезе бегьулел чагIи.

Кутлаб росдал жамагIаталъ лъикIго къабул гьаруна тIаде рачIарал гьалбал. Гьезухъ гIенеккана ва кIудияб къимат кьуна росдал суалал рорхиялъухъ. ХIакимзабазул рагIабазда жил божун ругин, ракI бухIун жидихъе щун рукIиналда щаклъи гьечIоян лъазабуна жамагIаталъ. Росдал чIахIиял чагIазул рагIабазда рекъон, районалъул нухмалъи цереккун гIицIго рищиязул заманаялъ гурони щолел рукIинчIила жамагIаталъулгун дандчIвай гьабизе. Гьал ахирал соназда щолелги ругила, росдал гIунгутIабазе кIварги кьолеб бугила.

Мадина Саидовалъул рагIабазда рекъон, нухмалъиялъ кIвараб хIаракат бахъизе бугила гIагараб заманаялъ цIияб школа базе байбихьиялда тIад ва гьединго гьелъ рагIи кьуна медицинаялъул пункт ва лъималазул яслиах цIи сверизе кумек гьабизе бугин. ЖамагIаталъулгун дандчIвайги гьабун гьалбал рилълъана росдал администрациялъул рукъ ва цогидал социалиял учреждениязда хал-шал гьабизе. Цо-цо гьитIиналго гIунгутIаби загьирлъана гьенир. Гьенирго кьуна росдал бегавуласде тIадкъаял гIагараб заманаялъ гIунгутIаби тIагIинаризе. Ахиралдаги росдал нухмалъиялъе районалъул хIакимзабаз кьуна лъикIаб къимат ва тIоцере хIажатал ишазе хIалай рахьинин рагIи кьуна. Гьединал сапарал районалъул нухмалъиялъ гьарулел руго гIемерал. Бокьараб росулъе щвезе ругила жил кигIан рикIкIадаб ва сапар халатаб бугониги.

**ЧАКЪАЛОВ**

# Районалда кIудияб субботник



**Марталъул 11 абилеб къоялъ тIолабго районалда тIобитIана кIудияб субботник. Гьеб къоялъ кодоб алатги босун къватIир рахъана киналго районалда хъулухъазда ругел, батIи-батIияв идарабазда хIалтIулел чагIи.**

Гьезие цебеккунго лъазабун букIана гьеб къоялъ субботник букIине бугин. ГIицIго райцентралда гуреб, киналго росабазул бегавулзабазги тIобитIана жидерго росабазда субботник. Исана республикаялда экологиялъул сон лъазабун букIиналда бан, хасаб кIвар буссинабулеб буго рацIалъи цIуниялде. ХIукуматалъул хIалтIуда ругел гурел жеги гIемер гIадатиял чагIазги кIвараб хIаракат бахъана субботникалда. Киналго идарабазул хIалтIухъабаз цебе лъураб масъала тIубанин абизе бегьула.

Субботникалда гIахьаллъи гьабуна районалъул рищунго кIудиял хъулухъазда ругел хIакимзабазги. Гьеб хIалтIи кидаго тIобитIула нилъер районалда кинабгIаги чIухIи-хIал гьечIого. РацIалъи цIунулезул цебесеб кьерда вукIана районалъул бетIерасул тIоцевесев заместитель Рамазан ГIабдулхаликъов.



«КIудияб хIалтIи гьабулеб буго жакъа районалъул ва республикаялъул кIваралъул нухал рацIад гьарун, кьищникъул бакIарун. ГIемераб мехалъ рацIад гьаричIого тарал цо-цо бакIал дагьал захIмалъулелги руго. Богониги гIолохъабазул кумекалдалъун кIвараб хIаракат бахъулеб буго. РацIад гьарун руго гьединго кьищни-къул бакIарулел бакIал. Гьениб цIагъун кIуди-кIудиял кьощнол гохIал рухIана. Джурмут гIурул рагIаллъухъа бакIарана ва бухIана кинабго квешаб, стройкаялъул кьищни. Хасаб кIвар кьуна нижеца спорталъул, лъайкьеялъул, сахлъи цIуниялъул ва рухIиял идарабазул зданияза сверухъа чороклъи тIагIинабизе. РацIалъи цIуниялде кIварабгIан цIикIун кIвар буссинабун букIана цебеккуни, амма исана хасаб бербалагьи букIине ккола, щайгурелъул исана буго экологиялъул сон. Субботник цо хасаб рацIалъи гьабиялъул тадбир гуреб, цоцазул ракIал журазарулеб, халкъ цолъизабулеб хIалтIи буго. Гьанжеялдаса нахъе гIемер гьаризе нигат буго»- ян абуна Рамазан ГIабдулхаликъовас.

Гьединго Рамазаница кIудияб къимат кьуна субботникалда гIахьаллъи гьабуразе. РакI бацIадго хIалтIи тIубанила киналго субботникалде рахъараз ва баркала кьуна киназего. Гьединал тадбирал районалда гIемер тIоритIулел руго.

**ЧАКЪАЛОВ**

ислам

# ЛЪИМАЛ ва УЛБУЛ

**Исламалъ кIудияб кIвар кьола лъималазе тарбия кьеялде. Лъимал умумузе руго роххеллъун ва рекIел гьейлъун. Гьел лъикIаллъун рахьани, шапакъаталги щола. Амма умумул лъималаздаса чIухIани, гьезда дин малъичIони, бахьикъосарал лъималги рахъун, умумул къварилъула.**

Муъминчиясда лъазе ккола лъималазе тарбия кьеялъ гIумруялъулъ кколеб бакI. ГIемерисеб гьеб пиша хутIула чIужугIаданалда тIад, щайгурелъул, бихьинчи хъизан хьихьизе хIалтIизе кколелъул. Амма цо-цо руччаби къосун ккола, лъималазда гурхIун, гьезул гIунгутIаби росасдаса рахчула, гьес лъималазе гьабулеб гIадлу къварун бихьун. Цинги лъимал кIудиял гIедал, жалго гIемер гIодизеги ккола.

Аварагас (с.т.гI.в) кIвар гьабулаан лъималазе тарбия кьеялде.

Къуръаналдаги абулеб буго нужерго хъизан жужахIалъул цIаялдаса цIунейила. Гьелъул магIнаги ккола лъимал къосине течIого, битIараб тарбия кьейин абураб. Лъимал Аллагьас , нилъее аманат гьарун кьун руго. Гьединлъидал нилъеца гьезда малъизе ккола диналъул аслу ва диналъул битIараб нух ккун хьвадизе. Кинай эбелалъе бокьилеб жиндир лъимер цIадаб бухIизе. ГIинда рагIизе вахIшиял рагIаби руго. Амма гьезулъ ритIухълъи буго.

Цониги эбелалъе бокьиларо лъимадул тIогьиса килищцин бухIизе. Гьединлъидал нилъеда тIадаб буго лъимал къосине течIого, Аллагьасул кумекалдалъун битIараб диналъул нухде ккезаризе хIаракат бахъизе. Гьаб буго цIакъ квешаб заман. БатIи-батIиял рикьалаби руго, масала, вагьабизм гIадинаб. Гьелдаса лъимал цIунизе ккола. ГьитIинго бичIчIи кьечIони, кIудиял гIедал гьел нилъехъ гIин тIамичIого, Сверухъ ругезухъ балагьун къосине бегьула. Гьединлъидал, цогидалги жидеда хадур цIалеллъун, къосине гьаризе чIолареллъун рахъинелъун тарбия кьезе ккола. Гьаб буго лъикIаб заманги. Щайгурелъул, дин гьабизе гьукъун гьечIо, гIелму-лъай къвакIарал, ритIухъал гIалимзаби гIемер руго. Гьелдаса нилъецагоги пайда босизе ккола ва лъималаздаги малъизе тIадаб буго. Цебе нилъер улбузе захIмат букIана жидецаго бахчун дин гьабуниги, лъималазда гьеб малъизе. Амма кигIан захIмат букIаниги Аллагьас къуват къуна бацIцIадаб дин Дагъистаналда цIунизе. Психологаз абула лъималазда рагIуларин, бихьулин. Гьелъул магIна ккола гIемер бицараб жоялдасаги, умумуз жидецаго гьабулелъухъ балагьунги, ай гьездаса мисал босулин лъималазин абураб. Гьединлъидал, лъикIаб буго лъималазда малъизе бокьараб жо цин нилъецаго ракьа-рагIанде щун тIубазабизе.



Мисалалъе, кванда цебе Бисмиллагь бахъи лъималазда малъун хадуб, цогожо гIемер такрар гьабичIого, нилъецаго гьеб рагIун абизе лъикIаб буго. Цинги лъималаздаги ракIалде щвела. Гьединго, радал лъимер тIаде бахъинабулаго, гьелде рагъичIого абуни «АлхIамдулиллагь, мун Аллагьас чIаголъизе гьавурав макьидаса хадуб» абун, лъималазги гьедин абила. Рокъоса къватIире унелъул, тIадруссунелъул цIалила дугIаби.

Цого хабар гIемер бицунеб бугони, лъималазда гьеб чIалгIуна, гьездасе семулел, рагъулел ругони, гьезул диналдехун рокьукълъи бачIуна. Нилъеца лъималазда щибаб къойил Аллагь ракIалде щвезавила ва Гьев цо вукIин бичIчIизабила. Нилъеда сверухъ лъугьунебщинаб Аллагьасул хIалкIолъиялдалъун лъугьунеблъи, гьеб БеIергьанас нилъее хъвараб къадар букIин бичIчIизабила. Лъималазда гIемер бицине лъикIаб буго нилъер аварагасул (с.т.гI.в) хIакъалъулъ.



БитIун как базе, какичуризе малъила. Бишун бигьаяб жо бvго лъималаздеги семун, гьел рокъор тIамун тезе. Хасго гIемерисез ясал тола гьедин. Амма гьезда бичIчIуларо щай жидеде семулел ругелали. Гьеб бичIчIизе ккани, берцинаб хабар бицине ккола. Жал рокьулеллъи бичIчIизабизе ккола. Кибго Аллагьасе бокьулеб гьабизе, гьесда рихараб тезе малъила. Гьереси бицин, цогидал къварид гьари Аллагьасе бокьулареб иш букIин бихьизабила. ГIемерисез абуни малъула, хасго васазда, къун чIогейилан. ГIакъилаб хабар бицун кIалъазе лъачIого, гьединлъидал, лъимал рагъула цоцалъ. Гьуинлъи тIагIуна, вахIшилъи цIикIкIуна. Лъималазда бичIчIизабизе ккола нилъ киналго Аллагьас рижарал ва Гьесда цере ращадал рукIин, гIамал кIодолъи ва кIвахI иблисалдасан бачIараб букIин, напс къинабизе кколеблъи. Ибну-Маджадасан бачIун буго, аварагас абунин: «Малъе нужерго лъималазда ва гIагарлъиялда лъикIлъи гьабизе ва тарбия бугеллъун рукIине», - ян. Цогидал хIадисазда буго: «Рокьа нужерго лъимал ва малъе гьезда берцинаб гIамал гьабун хьвадизе, щайгурелъул, гьел нужер сайгъат руго»; «Тарбия кьей буго умумуз лъималазе гьабулеб бищун лъикIаб сайгъат»; «Жиндирго лъимадуе тарбия кьей лъикIаб буго инсанасе, къойил садакъа кьеялдасаги»; «Малъе лъималазда чIорбутI речIчIизе, лъедезе ва чода рекIине». ЛъикIаб тарбия щварал лъималаздаса умумул рохула дунялалдаги ахираталдаги. Умумул хун хадубги, гьез дугIа гьабила, Къуръан цIалила.

Абу-Гьурайратица бицараб хIадисалда буго: «Чи хун хадуб, гьесие щолеб шапакъат лъугIула лъабго жо хутIизегIан:

I. ГIадамазе лъикIлъиялъе кьураб садакъа (мажгит, мадраса бай, лъим бачин, нухал къачIай, кьоял рай, гьветI чIей), гьез чи хун хадубги пайда босулеб.

2. Хайир бугеб гIелму (хъварал тIахьал, ай инсан хун хадубги гIадамаз жидедаса пайда босулел).

3. БитIараб диналъул тарбия щварал лъимал (умумузе дугIа гьабулел, гьезда хадуб садакъа кьолел). Умумуз лъималазе тарбия кьечIони, берцинаб гIамал-тIабигIат букIинелъун, квешаб тун, лъикIаб гьабизе малъичIони ва квешлъи гьабизе гьукъулеб гьечIони, гьезул баракат гьечIолъи щола гьаб дунялалдаго гIадин ахираталдаги.

**ХIалимат НАСРУЛАЕВА**

## АППАРАТ АНТИТЕРРОРИСТИЧЕСКОЙ КОМИССИИ В МР «ТЛЯРАТИНСКИЙ РАЙОН» ИНФОРМИРУЕТ

# ПАМЯТКА

## ГРАЖДАНАМ ОБ ИХ ДЕЙСТВИЯХ ПРИ УСТАНОВЛЕНИИ УРОВНЕЙ ТЕРРОРИСТИЧЕСКОЙ ОПАСНОСТИ

**В целях своевременного информирования населения о возникновении угрозы террористического акта могут устанавливаться уровни террористической опасности.**

Уровень террористической опасности устанавливается решением председателя антитеррористической комиссии в субъекте Российской Федерации, которое подлежит незамедлительному обнародованию в средства массовой информации.

**ПОВЫШЕННЫЙ «СИНИИ» УРОВЕНЬ**

устанавливается при наличии требующей подтверждения информации о реальной возможности совершения террористического акта

При установлении «синего» уровня террористической опасности, рекомендуется:

1. При нахождении на улице, в местах массового пребывания людей, общественном транспорте обращать внимание на:

* внешний вид окружающих (одежда не соответствует времени года либо создается впечатление, что под ней находится какой - то посторонний предмет);

* странности в поведении окружающих (проявление нервозности, напряженного состояния, постоянное оглядывание по сторонам, неразборчивое бормотание, попытки избежать встречи с сотрудниками правоохранительных органов);

* брошенные автомобили, подозрительные предметы (мешки, сумки, рюкзаки, чемоданы, пакеты, из которых могут быть видны электрические провода, электрические приборы и т.п.).

2. Обо всех подозрительных ситуациях незамедлительно сообщать сотрудникам правоохранительных органов.

3. Оказывать содействие правоохранительным органам.

4. Относиться с пониманием и терпением к повышенному вниманию правоохранительных органов.

5. Не принимать от незнакомых людей свертки, коробки, сумки, рюкзаки, чемоданы и другие сомнительные предметы даже на временное хранение, а также для транспортировки. При обнаружении подозрительных предметов не приближаться к ним, не трогать, не вскрывать и не передвигать.

6. Разъяснить в семье пожилым людям и детям, что любой предмет, найденный на улице или в подъезде, может представлять опасность для их жизни.

7. Быть в курсе происходящих событий (следить за новостями по телевидению, радио, сети «Интернет»).

**ВЫСОКИЙ «ЖЕЛТЫЙ» УРОВЕНЬ**

устанавливается при наличии подтвержденной информации о реальной возможности совершения террористического акта

Наряду с действиями, осуществляемыми при установлении «синего» уровня террористической опасности, рекомендуется:

1. Воздержаться, по возможности, от посещения мест массового пребывания людей.

2. При нахождении на улице (в общественном транспорте) иметь при себе документы, удостоверяющие личность. Предоставлять их для проверки по первому требованию сотрудников правоохранительных органов.

3. При нахождении в общественных зданиях (торговых центрах, вокзалах, аэропортах и т.п.) обращать внимание на расположение запасных выходов и указателей путей эвакуации при пожаре.

4. Обращать внимание на появление незнакомых людей и автомобилей на прилегающих к жилым домам территориях.

5. Воздержаться от передвижения с крупногабаритными сумками, рюкзаками, чемоданами.

6. Обсудить в семье план действий в случае возникновения чрезвычайной ситуации:

* определить место, где вы сможете встретиться с членами вашей семьи в экстренной ситуации;

* удостовериться, что у всех членов семьи есть номера телефонов других членов семьи, родственников и экстренных служб.

**КРИТИЧЕСКИЙ «КРАСНЫЙ» УРОВЕНЬ**

устанавливается при наличии информации о совершенном террористическом акте либо о совершении действий, создающих непосредственную угрозу террористического акта.

*Продолжение на стр.4*

## АППАРАТ АНТИТЕРРОРИСТИЧЕСКОЙ КОМИССИИ В МР «ТЛЯРАТИНСКИЙ РАЙОН» ИНФОРМИРУЕТ

# П А М Я Т К А

## ГРАЖДАНАМ ОБ ИХ ДЕЙСТВИЯХ ПРИ УСТАНОВЛЕНИИ УРОВНЕЙ ТЕРРОРИСТИЧЕСКОЙ ОПАСНОСТИ

*начало на стр 3*

Наряду с действиями, осуществляемыми при установлении «синего» и «желтого» уровней террористической опасности, рекомендуется:

1. Организовать дежурство жильцов вашего дома, которые будут регулярно обходить здание, подъезды, обращая особое внимание на появление незнакомых лиц и автомобилей, разгрузку ящиков и мешков.

2. Отказаться от посещения мест массового пребывания людей, отложить поездки по территории, на которой установлен уровень террористической опасности, ограничить время пребывания детей на улице.

3. Подготовиться к возможной эвакуации:

* подготовить набор предметов первой необходимости, деньги и документы;

* подготовить запас медицинских средств, необходимых для оказания первой медицинской помощи;

* заготовить трехдневный запас воды и предметов питания для членов семьи.

Оказавшись вблизи или в месте проведения террористического акта, следует как можно скорее покинуть его без паники, избегать проявлений любопытства, при выходе из эпицентра постараться помочь пострадавшим покинуть опасную зону, не подбирать предметы и вещи, не проводить видео и фо Держать постоя юченными телевизор, радиоприемник или адиоточку.

5. Не допускать распространения непроверенной информации о совершении действий, создающих непосредственную угрозу террористического акта.

**ВНИМАНИЕ!**

**В качестве маскировки для взрывных устройств террористами могут использоваться обычные бытовые предметы: коробки, сумки, портфели, сигаретные пачки, мобильные телефоны, игрушки.**

**Объясните это вашим детям, родным и знакомым.**

Не будьте равнодушными, ваши своевременные действия могут помочь предотвратить террористический акт и сохранить жизни окружающих.

**Аппарат Антитеррористической комиссии в Республике Дагестан**

## РЕКОМЕНДАЦИИ

### руководителям предприятий, организаций и учреждений по действиям в экстремальных ситуациях

Настоящие рекомендации выработаны аппаратом Совета Безопасности Республики Дагестан на основе анализа документальных материалов органов МВД по РД и УФСБ России по РД, связанных с расследованием преступлений, с учетом особенностей поведения человека в экстремальных и чрезвычайных ситуациях,

Учитывая возможность совершения террористических актов на территории предприятий, учреждений, организаций и фирм (в дальнейшем объектов), перед их руководителями встают задачи как по обеспечению их безопасности, так и по выработке и выполнению плана действий в случае поступления сообщений, содержащих угрозы террористического характера,

Цель данных рекомендаций — помочь руководителям объектов правильно ориентироваться и действовать в экстремальных и чрезвычайных ситуациях, а также обеспечить условия, способствующие расследованию преступлений правоохранительными органами.

С учетом особенностей объекта, их руководителям надлежит совместно с территориальными правоохранительными органами (УФСБ России по РД и МВД по РД) в обязательном порядке разработать инструкции и планы действий на случай возникновения следующих чрезвычайных ситуаций.

1 ■ Обнаружение предмета, подозрительного на взрывное устройство.

В последнее время на объектах участились случаи, обнаружения предметов, подозрительных на взрывные устройства. Что предпринимать в целях уменьшения вероятности нахождения их на территории, как вести себя при их обнаружении?

В качестве мер, предупредительного характера рекомендуем следующие:

* ужесточение пропускного режима при входе и въезде, на территорию объекта, установка систем сигнализации, аудио и видеозаписи;

* осуществление ежедневных обходов территории предприятия и осмотр мест сосредоточения опасных веществ на предмет своевременного выявления взрывных устройств или предметов, подозрительных на них;

* периодическая комиссионная проверка складских помещений;

* проведение более тщательного подбора и проверки кадров;

организация и проведение совместно с сотрудниками правоохранительных органов инструктажей и практических занятий по действиям при чрезвычайных происшествиях.

При заключении договоров на сдачу складских помещений в аренду в обязательном порядке включать пункты, дающие право администрации предприятия при необходимости осуществлять проверку сдаваемых помещений по своему усмотрению.

В случае обнаружения подозрительного предмета:

Незамедлительно сообщите о случившемся в правоохранительные органы по телефонам территориальных подразделений УФСБ России по РД и МВД по РД.

До прибытия оперативно-следственной группы, дайте указание сотрудникам находиться на безопасном расстоянии от обнаруженного предмета в соответствии с Приложением №1.

В случае необходимости приступите к эвакуации людей согласно с имеющимся планом.

Помните - в соответствии с законодательством руководитель несет персональную ответственность за жизнь и здоровье своих сотрудников.

Обеспечьте возможность беспрепятственного подъезда к месту обнаружения автомашин правоохранительных органов, скорой медицинской помощи, пожарной охраны, министерства по чрезвычайным ситуациям, служб эксплуатации.

Обеспечьте присутствие лиц, обнаруживших находку, до прибытия оперативно-следственной группы и фиксацию их установочных данных.

Во всех случаях, дайте указание не приближаться, не трогать, не вскрывать и не перемещать находку. Зафиксируйте время ее обнаружения.

*Помните: внешний вид предмета может скрывать его настоящее назначение. В качестве камуфляжа для взрывных устройств используются обычные бытовые предметы: сумки, пакеты, свертки, коробки, игрушки и т.п.*

### ЕЩЕ РАЗ НАПОМИНАЕМ:

Не предпринимайте самостоятельно никаких действии со взрывными устройствами или предметами, подозрительными на взрывное устройство - это может привести к их взрыву, многочисленным жертвам и разрушениям!

2. Поступление угрозы по телефону

В настоящее время телефон является основным каналом поступления сообщений, содержащих информацию о заложенных взрывных устройствах, о захвате людей в заложники, вымогательстве и шантаже.

Не оставляйте без внимания ни одного подобного сигнала. Обеспечьте своевременную передачу полученной информации в правоохранительные органы.

Значительную помощь правоохранительным органам при проведении оперативно-розыскных мероприятий по данным фактам окажут следующие действия предупредительного характера:

проведение инструктажей персонала о порядке действий при приеме телефонных сообщений с угрозами террористического характера в соответствии с приложением № 2; .

оснащение телефонов объекта, указанных в официальных справочниках, автоматическими определителями номера (АОНами) и звукозаписывающей аппаратурой.

3. Поступление угрозы в письменной Форме

Угрозы в письменной форме могут поступить к Вам на объект как по почтовому каналу, так и в результате обнаружения различного рода анонимных материалов (записок, надписей, информации записанной на дискете и т.д.).

Обеспечьте четкое соблюдение персоналом объекта правил обращения с анонимными материалами изложенных в Приложении № 3.

Примите меры к сохранности и своевременной передачи в правоохранительные органы полученных материалов.

4. Захват заложников

Любой объект может стать местом захвата или удержания заложников. При этом преступники могут добиваться достижения своих политических целей или получения выкупа. Как правило, при подобных ситуациях в роли посредника при переговорах террористы обычно используют руководителей объектов.

Во всех случаях жизнь людей становится предметом торга и находится в постоянной опасности. Захват всегда происходит неожиданно. Вместе с тем, выполнение мер предупредительного характера (ужесточение пропускного режима при входе и въезде на территорию объекта, установка систем сигнализации, аудио- и видеозаписи, проведение более тщательного подбора и проверки кадров, организация и проведение совместно с сотрудниками правоохранительных органов инструктажей и практических занятий по действиям при чрезвычайных происшествиях) поможет снизить вероятность захвата людей на Вашем объекте. При захвате людей в заложники необходимо:

* в сложившейся на объекте ситуации незамедлительно сообщить в правоохранительные органы;

* инициативно не вступать в переговоры с террористами;

* принять меры к беспрепятственному проходу (проезду) на объект сотрудников правоохранительных органов, автомашин скорой медицинской помощи, МЧС;

* по прибытии сотрудников спецподразделений УФСБ России по РД и МВД по РД оказать им помощь в получении интересующей их, информации;

* при необходимости, выполнять требования преступников, если это не связано с причинением ущерба жизни и здоровью людей. Не противоречить преступникам, не рисковать жизнью окружающих и своей собственной;

* не допускать действий, которые могут спровоцировать нападающих к применению оружия и привести к человеческим жертвам.

**Аппарат Антитеррористической комиссии в Республике Дагестан**

# ЖАМАГIАТАЛЪУЛ БАРКАЛА

**Ниж ккола ЛъаратIа росдал ЦIемар авалалда гIумру гьабулел гIадамал.**

Нижер минабиги руго гIурул мухъ ккун эхеде, цIакъ хIинкъараб хIал букIана нижер, цIадал ран, гIор кIодолъани. ГIуруца росун ине хIинкъараб хIал букIана нухал, трансформатор, кьоял ва токалъул хIубал.

Къокъаб заманалда жаниб, ЛъаратIа муниципалияб гIуцIцIиялъул бетIер Раджабов Раджабил нухмалъиялда гъоркь лъикIаб хIалтIи гьабуна «ЦIемар» авалалъул гIурухъ сангар гьабизе. Гьединго кьоял къачIана хъил тIуна, токалъул хIубал цIи сверана. ПалхIасил, цIакъ лъикIаб хIалтIи гьабуна. ГIемерал соназ рехун тун букIараб нижер авал цIилъун бачIана. ГIатIидал нухал ва кьоял лъугьана.

Гьелъул хIасилалда Ражаб Ражабовас жив вихьизавуна хIалтIи бажарулев рекIел бухIигун жамагIаталъул къварилъи-гIатIилъиялъухъ балагьулев нухмалъулев вукIин. Дие бокьун буго «ЦIемар» авалалъул жамагIаталъул рахъалдаса ЛъаратIа районалъул газетаги гьоркьобе ккун районалъул бетIер Ражаб Ражабовасе баркала загьиргьабизе.

**УЛАЕВА Б. О.**





Редактор: Раджабов Расул Абакарович
Газета гIуцIарал: ЛъаратIа районалъул администрациялъул ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0106

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчильи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

Адрес редакции: 368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
Тираж 1100 экз. Индекс: 51372.

Газета отпечатана в типографии "Лотос" по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать: по графику: $19.^{00}$ фактически: $19.^{00}$ 15.03.2017
Заказ ______________